Ассаламу гIалайкум!

# ЩIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2016 соналъул
24 июнь
РУЗМАН

№ 26
(7409)

Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда

Багьа 4 гъур.

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Рамазан ГIабдулатIиповасулгун АнвархIажи Вечедовасул хIалтIулаб дандчIвай



22 июналда районалъул бетIер АнвархIажи Вечедов къабул гьавуна Дагъистаналъул БетIер Рамазан ГIабдулатIиповас.

Районалъул бетIерас Рамазан ГIабдулатIиповасе районалъул социалиябгун экономикияб ахIвал-хIалалъул бицунаго, баян гьабуна росдал магIишаталъулаблъун кколеб нилъер районалда 120 азарго бетIер чIегIербоцIулгун гIи-цIаназул, росдал магIишаталъул нигIматал хIадуриялда ва къачIаялда тIад хIалтIулеб 13 росдал магIишаталъул предприятие, 95 фермеразул ва 8452 жалго бетIергьанаб кумекалъулаб магIишат букIин, 2015 соналъ районалъ кьураб продукция 7 млн 900 азарго гъурщиде бахиналъул ва гьеб цебесеб соналде дандеккун 2,6% цIикIкIун букIиналъул.

«Районалда кIвар кьолеб буго росдал магIишаталде, хасго теплицаби гьариялде, цIалул идарабаз жалго бетIергьанал кумекалъулал магIишатал рагьиялде. Араб соналъ бакIалъулаб бюджеталде бачIун буго 46 млн 700 азарго гъурущ, гьеб ккола бач1ине кколелъул 92,7 %. БакIалъулал бюджеталде бач1унеб налогалъул 74,2% ккола гIадамазул доходалдаса бачIунеб налогалъ»,-ян абуна АнвархIажи Вечедовас.

Гьединго районалъул бетIерас Р.ГIабдулатIиповасе баян гьабуна Болъихъан Агъвалибе щвезегIан шагьранухда гIатIид гьариялъул хIалтIаби лъугIун ругониги, гьениб хъилтIеялъул «Дагъавтодортрансалъул» бехъерхъулеб букIиналъул хIакъалъулъ ва рахIатхун бицана Агъвали росулъ ГIандигIурул рагIаллъаби щула гьариялъул хIалтIаби гьаризе ккеялда.

Рамазан ГIабдулатIиповас рорхана экстремизмалдегун терроризмалде дандечIеялъул суалал. Гьес чара гьечIого хIажатаблъун бихьизабуна районалда гьеб суалалде цIикIкIун пикру буссинабизе ккеялде.

«Гьеб рахъалъ борхизе ккола жамагIатазул ва рухIаниязул кIвар.

Гьел суалазда сверухъ районалъул бетIерасул букIине ккола мухIканаб пикру. Росабазул интеллигенция: мугIалимзаби, тохтурзаби рукIине ккола гIолохъабигун хурхеналда, гьезул букIине ккола гьоркьоблъи, цIализе ккола гьезие лекцияби, гьаризе ккола гьезие лъайкьеялъул хIалтIаби»,-ян лъазабуна Дагъистанлъул БетIерас.

Дагъистаналъул ХIукуматалъул вице-премьер Раюдин Юсуповас тIаде жубана районалда «Обеление экономики» приоритетнияб программа гIумруялде бахъинабулаго, районалда 246 участок ракьул ва 193 мал-мулкалъул АИС «Налог-3» программаялде бачун бугин.

«Районалда буго 48 г1исинаб ва 320 живго бетIергьанаб предприятие, араб соналъ гьелъул дармилаб оборот бахун буго 325 млн 900 азар гъурщиде. Гьеб 2014 соналде дандеккун 2,3 проценталъ дагь ккола»,-ян абуна Раюдин Юсуповас. Данделъиялъул хIасилал рачунаго, Рамазан ГIабдулатIиповас лъикIаблъун бихьизабуна районалда социалиябгун экономикияб рахъ цебетIезабиялъулъ дагьабги хIаракат цIикIкIинабизе ва хасго тIадчIун лъазабуна Болъихъ-Агъвали шагьранухда хъилтIеялъул ва Агъвали ГIандигIурул рагIаллъаби щула гьариялъул хIалтIаби тIадал идарабазда гьел хIалтIаби гьаризе ккеялда.

Районалъул бетIерас Рамазан ГIабдулатIиповасда загьир гьабуна сапаралъ районалде вачIине бокьи.

ДандчIваялда гIахьаллъана Дагъистаналъул ХIукуматалъул вице-премьерал Раюдин Юсупов ва Билал ГIумаров, Рамазан ГIабдулатIиповасул гIакълучи Ланда Камил, МугIрузул территориалияб округалда вугев Дагъистаналъул БетIерасул вакил ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимов, Дагъистаналъул БетIерасул ва ХIукуматалъул администрациялъул нухмалъулесул тIоцевесев заместитель Алексей ХIасанов, Дагъистаналъул БетIерасул ва ХIукуматалъул администрациялъул нухмалъулесул заместитель, Дагъистаналъул БетIерасул ва ХIукуматалъул администрациялъул пресс-хъулухъалъул нухмалъулей Тамара Чиненная.



**Газеталъул пресс-хъулухъ**

## Агъвали росдал нухмалъулезулгун дандчIвай

Араб рузман къоялъ районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас райадминистрациялъул данделъабазул залалда къабул гьаруна Агъвали росдал администрациялъул бетIер ХIусен Билаловгун цадахъ Агъвали росдал Советалъул депутатал ва росдал жамагIаталъул вакилзаби.

Данделъиялда гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул заместителал ва районалъул учреждениязулгун организациязул нухмалъулел.

«Жакъасеб данделъи ккола нилъер цадахъаб хIалтIул цIияб къагIидабазул цояб»,-ян байбихьана данделъи районалъул бетIерас. -Гьадинал тадбирал тIоритIизе руго щибаб росдал вакилзабигун. Росдал бетIерас кьезе буго жиндир хIалтIул хIисаб, баян гьабизе буго щиб ва кинаб гIиллаялдалъун церелъурал масъалаби тIурачIого хутIарал, гьел тIураялъе кинал ресал ругел. Бегавулзаби ва депутатал ккола росдал жамагIатазул вакилзаби, бакIазда жамагIатазе гьез кьезе ккола гьабураб хIалтIул хIисаб ва гьел разияб хIалалъ хIалтIи гIуцIизеги тIадаб буго гьезда.

Данделъиялда рорхарал суалал рукIана газ ва лъим бачиналъул, нухал къачIаялъул, хъилтIеялъул, канализациябазул, райцентралда рацIцIалъи чIезабиялъул, ракьал ва мина-мулк учеталде росиялъул ва гьездаса налогал ракIариялъул, гIи-боцIул ва кванил нигIматазул базаралъул хIакъалъулъ.

Гьел суалазда тIасан кIалъаял гьаруна Агъвали росдал администрациялъул бетIер ХIусен Билаловас ва районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель ТIагьир Халидовас, жидерго пикраби загьир гьаруна финансазулгун экономикияб отделалъул нухмалъулев МухIамад ГIисаевас, районалъул администрациялъул отделалъул нухмалъулев МухIамад Коратовас, Агъвали росдал депутатал Камил МухIамаднабиевас, Абубакар Абакаровас, ХIамзат Шамиловас, халкъалъе социалияб хъулухъ гьабулеб районалъул централъул директор Марзигат МухIамадоваль, райадминистрациялъул ишазул управляющий Асадула ГIумаровас, районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель ХIалимат АхIмадоваль, райбольницаялъул бетIерав тохтурасул заместитель Написат Халидоваль ва социалияб рахъалъ халкъ цIуниялъул районалъул управлениялъул нухмалъулесул ишал тIуралев Заурбег ЖахIпаровас.

«Нилъеца халкъалъул тIалабал тIурай мурадалда пайда босизе ккола депутатаздаса. Гьезда хадуб буго халкъ, ай жамагIат.

(Хадусеб - 2 гъумералда).

# Агъвали росдал нухмалъулезулгун дандчІвай

**(Авал - 1 гъумералда).**



ЖамагІаталъул газа кьурдаги рекІунеблъи нилъеда лъикІ лъала. Гьединлъидал, цо чи гІадин, гурун гъуждулгун рахьине ккола депутаталги росдал гІадамалги, хІукуматалъул мукъсанаб бюджетална балагьун чІечІого, хІалтІи гьабизе, щайгурелъул жамагІаталъул ва депутатазул цадахъаб хІалтІуца гурони кьоларо нилъ разияб хІасил»,-ян абуна данделъиялъул ахиралда АнвархІажи Вечедовас.

Данделъиялда гьоркьор лъурал суалал т1уразариялъе т1адал идарабазе кьуна тІадкъаял.

**Х.Залимханова**

## Лъай-хъвай гьабе

**Районалъул спорталъулгун гІолилазул ишазул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулевлъун тІамуна ВахІидов Муслим МухІамадович**



Муслим ВахІидов гьавуна 1970 соналъул 30 маялда Гьигьалъ росулъ

1993 соналъ лъугІизабуна Дагъистанлъул пачалихъияб университеталъул тарихалъул факультет.

ЗахІматалъулаб нух байбихьана 1991 соналъ Сасикь росдал школалда тарихалъул мугІалимлъун.

1993-2006 соназ хІалтІана Гьигьалъ росдал школалда тарихалъул мугІалимлъун.

2006 соналдаса гьаб соналъул апрелалде щвезегІан хІалтІана районалъул администрациялъул «Субсидиязул хъулухъ» муниципалияб казенияб идараялъул нухмалъулевлъун.

2016 соналъул 20 июналда тІамуна райадминистрациялъул спорталъулгун гІолилазул ишазул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулевлъун.

## Хъил тІезе байбихьана




Районалъул централда рацІцІалъи чІезабиялъе санагІалъи кколеб гьечІо басрияб централдаса базаралде, райадминистрациялъул минаялдасан школалде ва хуштадерил кьодаса редакциялде щвезегІан ругел нухаз. ХІур-хІарщ гуребги, цІад банщинахъе камуларо гьенисан бехе чвахулеб лъимги, рищни-къулалъул цІурал къучІбиги.

Гьебги хІисабалде босун, районалъул нухмалъиялъ райцентралда гьаризесел хІалтІабазул аслияб суаллъул рикІкІунеб буго гьел къватІазде хъил тІей.

**(Хадусеб - 4 гъумералда).**

# Авария ккеялъе гІилла машина хех бачин ккола

Ахир заманаялъ маххул чІвадарухъаби рукІине ругин абулин кІудиял чагІазилан бицунаан дун гьитІинаб мехалъ дир кІодоца, киндай гьез чи чІвалаян дунги йикІунаан.

Кьойил хІалтІудеги рокъоеги ячІуна-унаго, «Аллагь, киредай гьал гІолохъаби гІедегІун ругел?» абун ккола ракІалде щибаб лахІзаталъ, гьеб нухдаса нахъе-цеве чи вихьичІого, «роржизарун» машинабигун унел гьел рихьидал.

ТалихІалъго, цо-кІиго соналъ цебе лъуна полициялъул кІиябго постalde щвезегІан хехаб къагІидаялъ машинаби рачинчІого рукІине бетоналъул мухъал. Гьезда сверухъги гІемераб бахІс ккана автотранаспорталъул бетІергьабазулги лъелго унезулги. ГОСТалъул тІалабал цІунарал лъезе ругин абун, дагьал цере гьел мухъалги нахъе рахъун руго районалъул нухазул идараялъ.

Пикру ккана, киназго босичІониги, цокІигоясгІаги гІадахъ босилин макъалаги гьенир хъварал тарихалги абун, гьелда хурхун дирго пикраби загьир гьабизе.



Араб соналъ Россиялъул нухазда хун вуго 23114 чи. Гьаб соналъул щуго моцІида жаниб Дагъисталда ккун буго 500 цІикІкІун автоавария. Гьелъул хІасилалда хун вуго 140 ва чорхое сакъат ккун буго 700 чиясе. ХІисаб гьабидал, гьеб ккола цо росу ва район гІезе халкь.

Щибха гьелъие гІилла бугеб, кьойидасан кьойиде къачІалел, гІатІид гьарулел нухалги ругин? Лъил гІайибалдалъун щибаб кьоялъ 3-5 чи, гьездаго гьорлъ лъималгун гІолохъаби Дагъисталалда холел ругел? Автотранспорт бачунезулищ, нухлулазулищ яги эбел-инсулищ гьеб гІайиб?

Бихьулеб буго автоаварияалдаса холел гІадамазул къадар кьойидаса кьойиде цІикІкІунеб букІин, амма, рулалда нахъа гІодор чІаразда кІочон толеб буго жал рокъоре руссине кколеблъи. ХІалкІварабгІан хехго машинаги бачун, хвезабулеб буго нухазда хьвадиялъул низам. БичІчІуларого буго, щай гІакълу-лъай бугев саламатав чияс лъалаго жиндирго ва сверухъ ругезул гІумруялъе хІинкъи цІикІкІинабулеб?! РагІуларищ кьойил нухазда кколел аварияул хІакъалъулъ?! БитІараб буго, лъидаго ракІалде кколаро гьеб сапар жидер ахирисеб батилин абун, ва амма…

Россиялда автотранспорталъул аварияби ккеялъе гІилла гьекъел-мехтел батани, гьеб рахъ Дагъисталалда ва нилъер районалда квеш гьечІо. Амма, гьелдаго цадахъ, Дагъисталалда цІикІкІун буго гІолилал-наркоманаз нухазул низам хвезаби.

«ЦІани магІарде рахарал» гьезие «ралъад накабазде бахула». Ригьараб мехалъ, бетІер кколеб хІал батула гьезда. 30 азарго гъурущ гІакІа кьотІизе ва кІиго лъагІелалъ машина бачине ихтияралдаса махІрум гьавизе бихьизабун буго гьекъон-мехтун машина бачаралъухъ законалъ. 50 азарго гъурущ гІакІа ва лъабго соналъ ихтиярлдаса махІрум гьавула гьеб такъсир кІиабизеги такрарлъани.

Щибха гьабилеб, нилъее киназего бокьула, абухъего, «гьуригун» машинаби хъамизе ва… гІумру гьабизе. Амма нухаз кидаго гуро гІадахъ босулеб гьеб нилъер хиял. Босила гурищ, шоферас нухазда хьвадиялъул низам цІунулебани, пассажиразулгун нухлулазул адаб гьабулебани ва гьезул гІумру жидеда бараб букІин хІисаб гьабулебани.

Нилъер шоферзабазул лъавукълъиялъ ва сабру гьечІолъиялъ руго нилъ пашманал хІасилазде рачунел. Шоферазда кІочене бегьуларо гьезул гІумру цебе букІин, нухлул низам цІунизе ккей ва гьезухъ балагьун рокьор эбел-эменгун хьизан-лъимал рукІин. АхІаралъуре щуго минуталъ кватІунилан гьезие щибго ккеларо, гьелъул гІаксалда, цадахъ ругезул яги нухлулазул гІумру хвасарлъила.

ЦохІо шоферасул гІайибалдалъун гуребги, нухазул даражаялъги буго «квербакъулеб» автоавариял цІикІкІиналъе: хас гьарурал мухъал, светофорал гьечІолъи, ччукІкІулел нухал рукІин ва гь.ц. Чанги пачалихъазда гьечІо светофоралгун мицІирал (бордюр), амма гьезухъ аварияби гІемерго дагь ккола руго. Нухал ругин дозул лъикІалин абула цо-цояз. Дица абила, къанунал цІунулел, цоцазул адаб ва сабру бугел гІадамал ругин.

Нилъер хІукуматалъ ургъулел руго «гІедегІарал» гІодорчІезаризе батІи-батІиял къагІидаби. Нухазде унго-унгояб кІвар кьезе байбихьаралдаса, анцІазарго чияс дагьлъун буго авариял ккун хваразул къадар.

Нухазда бан иш тейги битІараб букІинаро. ГИБДДялъулазги цокъадаралъулаб хІалтІи гьеб рахъалъ гьабулеб буго, амма гІей гьечІеб букІин бихьулеб буго. Гьез хал гьабула юк ва гІадамал рачине ихтияр кьеялъул низамал цІуниялъул, нухазда хьвадиялъул хІинкъи гьечІолъи букІинабиялъул, нухазул даражаялъул ва жибго автотранспорталъул. ГІадамал бетІергьанаб автотранспорталъул 95 процент анцІго ва цІикІкІун соназ хІалтІизабураб буго. Квеш ккараб иш буго, машинабазул техникияб халгьаби ГИБДДялъухъанги бахъун, хасал гІадамазухъе кьей. Гьелъ цІикІкІун квербакъулеб буго гьереси-справкабиги росун, хІалтІуе ярагьунаребги автотранспорт хІалтІизе рес бугеблъун бихьизабизе.

ЦІикІкІунеб буго рулалда нахъе гІодорчІарал гІолилазул къадар. Автотранспорт бачунезул хал гьабуни, багьаял чІухІарал машинаби рекІун руго, аслияб къагІидаялъ 17-25 сониль ругел гІолохъаби. ГІолохъабазул ботІролъ гьури гурони букІинищха багъулеб, «гьуригун» машина хьамулаго. Дандиял васазда, йокьулелда цеве живго цІакъав вихьизе ккеларищха, гІисинал-херал рихьичІого, хІарщ-хІуралъухъ балагьичІого, гІорхъолъа борчІараб хехлъиялда машинаги бачун унаго. Машиналъе хехлъи кьолеб педаль цуй гуреб, гьеб къачІазени кисан, нухазда хьвадиялъул къагІидабигун гьелъул гІаламатал (знаки) лъаларел руго гьанже рулалда нахъе гІодорчІарал. Бальгольи кколаро, хъат цІураб гІараци кьун, машина бачине ихтияр кьолеб документ босулеб букІин гІемерисез, жалго цІализе инчІого. Кинаб низамха букІинеб нухазда гьединаб мехалъ?! Гьелъул хал гьабулеб, хьаравуллъи букІинабулеб идараги гьезего гьечІилан ккола, хІисаб гьабидал. ЧІахІияб гІелалъул водителаз цокІалго абулеб буго, советияб ДОСААФалда тІоцебесеб иргаялда, цоцадехун адаб-хІурмат кулалеб букІанин рукІинесел шоферзабазулилан ва цІалиги букІанин нухазда хІинкъи гьечІолъи букІинабиялде, нухлул низамалъул къагІидаби лъазариялде ва жибго машина «лъаялдеги» буссинабурабилан.

Гьекъон-мехтун машина бачунезе гьабизе кколеб тамихІалъе белорусаз ул къагІида бокьана диего. Гьекъон ватарасухъан машина бахъулеб буго: рекІун бегьуларев ватани, рещтІун вукІайин, лъелго айин абун. Машина бахъараб гІечІого, бичулебги буго гьез машина ва щвараб гІарацги нухазе ва лъималазул хІинкъи гьечІолъи букІинабиялде харж гьабулеб буго. Киналго гуро гьелда разилъилел, амма ракІалде ккола, гьедин гьабуни, чагъиралъгун наркотиказ мехтаразул къадаралда цадахъ автоаварияезул пашманал хІасилалги дагьлъилилан.

Шоферзабазул лъавукълъи ва машина хех бачин буго жакъа аслияб гІилла нилъер нухазда автоавариял цІикІкІиналъе. Районалда гьеб рахъ щукру БетІергьанасе, исана лъикІ буго. БатІибатІиял хІужабазда бан, исана 300 шоферазда тІад гьабун буго административияб протокол, гьединго 35 чиясда тІад гьабураб административияб материал бачІун буго районалде къватІисан, гьездаса 20 материал битІун буго судалде.

Хасаб бакІ ккун буго шагьранух бакьулъа, шоферзабазул сигналазухъ гІинтІамичІого, велосипедаздаги рекІун унел, 5-І0 сон барал лъималаз. Дагьал гуро кколел гьез нухлул низам хвезабиялъул хІужаби. Эбел-инсуца кІвар кьезе ккела гьеб рахъалдеги, хасго гьаб риидалил заманалда.

**Х.Залимханова**

Мы живы памятью

# Достоинство, взыскательность высокого таланта

### Воспоминания о Магомеде Шамхалове

**(Начало 25 номере)**

Секретарь Акушинского райкома партии Раджабали Омаров, который имел высокий авторитет среди актива, в 1958 году выступил с инициативой школьной реформы. Он предлагал преподавание в школах вести с первого класса на русском языке, а родной изучать как отдельный предмет. М. Ш. Шамхалов первым поднял голос против этого. В публикации, в записке в Обком партии он осветил целую гамму негативных проблем, к которым все это может привести. Своим особым чутьем он увидел в этой «реформе» в первую очередь покушение на язык, культуру, литературу народов Дагестана. Человек, которого с колыбели, с первого класса отучили думать, мыслить на родном языке, ничего путного создать не может. Еще тогда Шамхалов поставил вопрос о необходимости изучения родных языков в городских школах.

Причину плохого знания русского языка учащимися школ Шамхалов видел в другом: русский язык, литературу преподавали учителя, которые сами были недостаточно подготовлены. В своих доводах Магомед Шамхалов пошел еще глубже. Он на конкретных примерах убеждал, что даже министры, секретари райкомов плохо знают русский язык, не читают национальные газеты.

М.Ш.Шамхалов поставил вопрос шире: воспитанию людей, особенно молодежи, на лучших традициях народов Дагестана почти никакого внимания не уделяется, выпускники школ, вузов слабо знают историю и культуру своего народа. Даже в Махачкале нет улиц имени О. Батырая, Махмуда, Е. Эмина, И. Казака, имама Шамиля и других достойных сынов Дагестана. Среди 25 тысяч томов библиотеки оказалось всего 10-15 книг на родных языках. Магомед Шамхалович не побоялся назвать «реформу» Р.Омарова «антинародной, ликвидаторской». Он не только критиковал, но и предложил решение ряда проблем в области образования и культуры.

Надо было иметь мужество, чтобы обратиться в Совет Министров СССР с запиской о ликвидации цензуры в газетах и передаче функции Главлита самим редакциям, снабдив их документами о государственных штатах. Такую записку М. Ш. Шамхалов на имя Л.М.Кагановича отправил 31 марта 1956 года. Пройдут многие годы, пока эта идея, как и его предложение об изучении родных языков в городских школах, будет осуществлена.

Доброе наследие Магомед Шамхалов оставил и как талантливый писатель. Еще в 1954 году вышел первый сборник его стихов. В последующие годы одна за другой издаются его повести, сборники рассказов. Широкое признание получили повести: «Мой отец» - о сложнейших событиях в горном ауле в годы гражданской войны; «Нет, это не сказка» - о крупном землетрясении, мужестве горцев, дружбе народов; «Салтанат» - о прекрасной горянке, ее мудрости, бескорыстии. В свое время этим произведениям критика дала высокую а оценку. Особо отмечалось, что речь героев произведений пронизана красотой, изяществом и богатством родного языка. Автор оттачивал каждое слово на бруске народных изречений.

В своих произведениях М. Ш. Шамхалов всегда оставался верным своему кредо - быть объективным, честным перед своей совестью, главное, перед читателем. Не всем это нравилось. Вокруг той же повести «Нет, это не сказка» развернули неблаговидную возню. Она в одночасье прекратилась, когда повесть получила всесоюзное признание и добрую оценку литературоведов на русском языке.

Еще более острой была реакция на другое произведение М.Ш.Шамхалова - стихотворение «Знаменосцы». Автору объявили выговор.

За книги последних лет «Выстрел в ущелье», «Честь», «Добро имеет крылья» в 1992 году Магомеду Шамхалову была присуждена Республиканская премия. При жизни автора увидели свет 14 его книг, но немало осталось неизданных произведений, особенно печально, что большая их часть - повести и рассказы, предназначенные для детей и юношества.

Титаническая деятельность журналиста, редактора, талантливого писателя по достоинству оценена Родиной. Магомед Шамхалов был награжден тремя орденами «Знак Почета», многими медалями, дипломами.

Можно позавидовать его жизни, она была насыщена каждодневным, напряженным творческим трудом, общественной деятельностью.

Мы с благодарностью вспоминаем Магомеда Шамхаловича добрым словом за его большой вклад в совершенствование аварского литературного языка, в становлении журналистики, в развитии культуры, экономики Дагестана.

**Гаджи АРИПОВ,** кандидат исторических наук, редактор газеты «БагIараб байрахъ» в 1978-1991 годы

(Газета «ХIакъикъат» №№17, 19 за 2016 год).

## МухIамад Шамхалов гьавуралдаса 100 сон тIубаялде

**Загьра КъурамухIамадова**



Жакъа, МухIамад, дун дур пикрабазда
Мунги ракIалде щун, къалмилъ юссана.
Хъвадарухъан вуго гьунар кIудияв,
Дур тIахьал цIалидал, бичIчIулеб буго.

Чорхолъ гьунар бугев,гIакълу камилав
ВукIана Шамхалов Лъондода росдал.

Дур тIахьал цIаларал гьал гIадамаца
Бицула, МухIамад, дур гьунаралъул.

Дуца хъварал тIахьал цIалун рихьидал,
Бицула къойилго дур гьунаразул.
Дида мун лъалаан саринал цIалун,
Дур пагьмугун махщел тIахьазда бихьун.

Бокьила, МухIамад, дуца хъван тарал
Асарал гIелаца цIалун рихьизе.
МагIарул мацIалъул устар мунлъидал,
Хвел гьечIел асарал цIунун руго дур.

Жакъа балагьидал гьал дур тIахьазда,
Дуй баркала кьола хъвадарухъабаз.
Лъондода росулъа пагьму цIикIкIарав
Дагъистан чIухIарав тIадмагIарул вас.

**ХIабиб Давудов**



РачIа хIадурлъизе юбилеялде
Шамхаловги баркун, бокал борхизе.
РачIа данделъизе киналго цадахъ
Нилъер ракьцоясул хIурматги гьабун.

Бищун хIажалъидал, нилъги тун арав
Нилъер шагIирасул асарал цIалун,
АскIов вугев гIадин, ракIалдаги ккун,
Гьесул гьоркь хутIараб цIилъизабизе.

Жакъа вугевани мун нижгун цадахъ,
ЦIумлъун воржинаан Дагъистаналда.
Гъура - чункун унеб нилъер авар мацI
БацIцIадаб каламалъ камил гьабила.

Дуца гIумру кьураб «БагIараб байрахъ»
ХIубилъун чIолаан магIарулазе.

МухIамад, дур гьунар лъикIал асарал
РекIелъ цIунун тела абадиялъе.

Мун вижараб ватIан - цIумазул улка
Кидаго чIухIараб буго дудаса.
Херазгун гIолилаз, дур ракьцояца
Кидаго ракIазулъ цIунун вуго мун.

**Аминат Сайпулаева**



ГIадамазда гьоркьоб бицен батана
Инсанасе къимат кьезе кканани,
ГIумруялъ гьарурал гьесул ишазул
Роцен лъазе кколин лъикIаб-квешалъул.

ГьитIинаб къоялъго рахIат бихьичIев,
ГIумруялъулъ гIемер гIакъуба щварав,
ЗахIматалъ лъадарарав лъондодаса вас-
Шамхалов МухIамад -мун нижер чIухIи.

Дуда вахарав чи гIемер вижичIо,
Къимат дур хутIана хадур гIолезе.
Машгьурав журналист ва хъвадарухъан,
Къадру тIадегIанав тIадмагIарулав.

МагIнаялъ гъваридал, рекIелъ росулел
Асараз цIалдолел пана гьарула.
БачIунеб гIелалъе гIумрудул дарсал-
Дур тIахьал, асарал ва доб васигат.

Мун къаникь аниги, нижер ракIазулъ
Кидаго хутIила хасаб бакI дуе.
Дур гIамал-хасият лъалелщиназе,
Мисаллъун хутIила даим кидаго.

Кидаго гIурччинаб мугIрузул тIалъи
ТIабигIат берцинаб, гьава бацIадаб
ГIаздалал тIогьаца гвангъизабураб
Бихьула къваридго Лъондода росу.

Мун росулъе щведал, йохулей дур яц
Гьанже къварид йиго, къаникье мун ун.
ЧIунтун буго гьелъий гьанже дуниял
КочIол мухъал росун мун вачIунареб.

Къаламги бегIерав, магIна гъваридал
Дур макъалабазул накъит къотIана...
Дур гIаданлъиялъул гIемер бицина
ГIолел наслабазе мисаллъун ккезе.

...КигIан гIоданиги, ахIи баниги,
Нахъе юссинаро, Фаина, мунги
Дур недегьаб гIамал, берцинаб гьими
Кида мун кIоченей дур ясалазда?!

Дунял тун мун анин, ракIалъ толаро
РикIкIад сапаралда йигилан ккола.
ЧIарбида еганин, дун божуларо,
Боржунеб хIанчIида сверун ятила.

«Редакция газеты «Цlумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор МАЛАЧДИБИРОВ ГIУБАЙДУЛА САГIАДУЛАЕВИЧ

Жавабияй секретарь Х.ЗАЛИМХАНОВА

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул ) адрес: 368900 Дагъистан Республика, Цlумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «Цlумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302 Тираж -1780 Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гьулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гьулбасана l6 с. 45 мин.

Газеталъул электронниияб адрес: Golostsumady@mail.ru

## Акция «БацIцIадаб рохь»

Май моцIалъ районалда тIобитIана «БацIцIадаб рохь» абураб экологиялъулаб акция. Акциялда гIахьаллъана районалъул школазул цIалдохъаби. Акциялъул мурад букIана цIалдохъабазе экологияб тарбия кьей ва ришни-къулалдасан рохьал рацIцIад гьари.



Субботникал тIоритIулел къояз рохьал ришни-къулалдасан рацIцIад гьаруна, тIоритIана эко-дарсал, экологиялъулал викторинаби ва спорталъул хIаял.

Акциялъул гIахьалчагIаз районцоязде гьабуна тIабигIат цIуниялда хурхун хитIаб.

**М.ХIажиев,** лъайкьеялъул отделалъул хIалтIухъан

## Руччабазул Советал гIуцIана

Районалъул руччабазул Советалъул хIалтIухъабаз байбихьана росабалъ руччабазул Советал гIуцIизе. Районалъул руччабазул Советалъул председатель Асият Ибрагьимовалъ ТIад- ва Гъоркьгъакьвари росабалъ тIоритIана росдал руччабигун данделъаби ва гIуцIана гьенир руччабазул Советал.

Гъакварисезул руччабаз кIудияб кIвар кьун бицана росулъ руччабазул Советалъ гьаризе кколел хIалтIабазул.




Асиятица бицана руччабазул Советалда церечIарал аслиял масъалабазул ва районалъул руччабазул Советалъ лъагIалил кIиабилеб бащалъиялда гьаризесел хIалтIабазул.

Данделъабазда руччабазул Советазул кIваралъул бицун кIалъай гьабуна гьений гIахьаллъарай районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель ХIалимат АхIмадовалъ.

**Х.Залимханова**

## Объявляются торги

Администрация МР «Цумадинский район» реализует на аукционе автомобиль ВАЗ-213100 2009 года выпуска (балансодержатель администрация МР «Цумадинский район»), начальная цена продажи 11598 рублей, задаток от начальной цены 2300 рублей

Заявки для участия в аукционе принимаются в течение 25 дней со дня опубликования сообщения в газете.

Для участия в аукционе необходимо представить заявку, копию паспорта и квитанцию об оплате задатка. Определение участников аукциона состоится на следующий рабочий день после окончания подачи заявок.

Победителем признаётся участник аукциона, предложивший наибольшую цену за автотранспорт. К участию в торгах допускаются физические и юридические лица, своевременно подавшие заявки и оплатившие задаток. Задаток оплачивается в МБУ «Централизованная бухгалтерия» администрации МР «Цумадинский район». Шаг аукциона 1000 рублей.

Заявки принимаются по адресу: Цумадинский район, с. Агвали, отдел финансов, экономики и имущественных отношений администрации МР «Цумадинский район».

# Барки

Баркула районалъул медицинаялъул хIалтIухъабазда медицинаялъул хIалIухъабазул къо!

ХIурматиял пишацоял! Нилъ ккола унтаразе бищунго хIажатал чагIи, нилъер жавабчилъиялда ва лъаялда бараб букIуна унтаразул гIумруги сахлъиги.

Нилъер жамгIияталда жаниб медицинаялъул хIалтIухъанасул бакI кидаго букIана кIвар бугеблъун ва чара гьечIеблъун. ГIадамаз нилъеда божизабула жидер бищунго хирияб-сахлъи. Сахлъи ккола инсанасул бечелъи, гьеб гьечIони, инсанасул букIунаро рохалилаб гIумру. Гьединлъидал, медикасул махщел кидаго хутIизе буго хIажатаблъун, жавабиблъун, тIалаб гьабулеблъун ва къадру-къимат бугеблъун. Нилъедаса хIажалъула махщалилаб налъиялъе ритIухълъи, гIаданлъи ва яхI-намус.

Гьарула нужее ва нужер гIага-божаразе щулияб сахлъи, рохел, рах1атаб г1умру, хьи-



заналъулаб талихI, хIалтIулъ бажари ва махщалилаб цебетIей.

**Хайруланам Дибирасулаев,** районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтур.

**Спорт-Спорт-Спорт**

### Эркенаб гугари

18-19 июналда Избербашалда тIобитIана эркенаб гугариялъул рахъалъ гьитIинал гIолилазда гьоркьоб Дагъистаналъул первенство.

Гьенир гIахьаллъарал нилъер районалъул спортивиял школазда ругьунлъулел СаидмухIамад Гьайирбеговасе 120 кг. цIайиялда щвана тIоцебесеб бакI ва 50 кг. цIайиялда Шамил ГIабдулвагьабовасе щвана кIиабилеб бакI.

Баркула гьезда ва гьезул тренеразда бергьенлъаби.

### Бокс



2-5 июналда Гъизляр шагьаралда тIобитIана боксалъул рахъалъ гIолилазда гьоркьоб Дагъистаналъул первенство.

Гьенив 32 кг. цIайиялда гIахьаллъарав РичIагьанихъа Билалов МухIамадие щвана тIоцебесеб бакI.

Баркула МухIамадида гьеб бергьенлъи, гьарула гьесие сахлъи, талихI ва икъбал.

### Баркала

Араб рузман къоялъ цIа ккана нижер минаялда. Районалъул цIа ккеялдаса цIуниялъул часталъул хIалтIухъабазул, мадугьалзабазул ва тIолго росдал гIолохъабазул жигаралдалъун, гIемер зарал ккезе биччачIого, цIа свинабизе кIвана. Дагъабги гьезул кумек кватIун букIарабани, пашманал хIасилал ккезе рукIана нижееги мадугьалзабазеги. ТалихIалъ, гьеб гьедин ккечIо.

Бокьун буго, газета гьоркьобккун, баркала къезе цIа свинабиялъулъ гIахьаллъаразе ва киналго балагьаздаса цIунеян гьаризе.

**Гьазидибир МухIамадовасул хъизан**

## Хъил тIезе байбихьана

**(Авал - 2 гьумералда).**

Гьелде божулел гIемер рукIинчIониги, «абуна-гьабуна» абухъего, марталдаса нахъе рукIана школалде унеб къватIалда канализациялъул марщаби хисиялъул, хьилтIеялда цересел хIалтIаби унел. Гьел хIалтIабиги рагIалде рахъана ва гьале сон байбихьана гьеб нухда школалдаса бехе хъил тIезе.

Рак1алде ккола хадусеб иргаялъ церехун рехсарал нухаздаги хьилт1еялъул х1алт1аби гьарилин. Гьелъ рес кьела райцентралда рацIцIалъи чIезабиялъул рахъ дагьабги лъикIлъизе.

Гьабулеб данде билълъаги.

**М.Къасумов**

### Биларал-батарал

Араб шамат къоялъ Агъвали базаралда батун буго гьажалда балеб руччабазул сагIат.

Биларaз ахIизе бегьула **8-967-938-69-28** номералде Хуштадаса Садрудин ГIумаровасухъе.

Районалъул больницаялъул хIалтIухъабаз пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго ГIисматулагьида ва Нурбикада гьезул яц ва эбел

**ГIазра**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьей алжан насибаздаса ятаги, нахъе ругезе сахаб гIумру кьеги.

«Цlумадисезул гьаракь» газеталъул коллективалъ МагIарулазул миллиябгун маданияб автономиялъул нухмалъулев ШагIбан ХIапизовасда ва гьесул тIолабго гIагарлъияла гьваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго эбел

**Пирдавус**

къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьелъие алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе иманияб сабруги сахаб гIумру кьеги.